



KISA PWOGRAM OMBUDSMAN SWEN ALONTEM NAN YE?

Nou se yon gwoup volontè kap travay pou amelyore kalite lavi ak swen pou moun kap viv nan etablisman ki gen lisans pou bay swen alontèm, tankou kay retrèt, fasilite kap viv nan kay, ak kay swen pou granmoun nan tout Florid.

KILES MOUN KAPAB ITILIZE SEVIS PWOGRAM NAN?

- Moun ki rete nan fasilite swen alontèm;
- Fanmi ak zanmi rezidan;
- Administratè etablisman ak anplwaye administrasyon konsène; ak
- Nenpòt moun oswa gwoup ki gen yon enkyetid sou yon rezidan.



**PWOGRAM
FLORIDA
MEDYATÈ**

PWOMOSYON POU KALITE SWEN ALONTEM

Pou fè yon diferans, rele gratis nan
1-888-831-0404

Pou voye yon plent:
Itcopinformer@elderaffairs.org

Central Office
4040 Esplanade Way
Tallahassee, FL 32399-7000

Vizite wèbsayt nou a:
ombudsman.elderaffairs.org



**PWOGRAM
FLORIDA
MEDYATÈ**

PWOMOSYON POU KALITE SWEN ALONTEM



ESKE OU KONSÈNE SOU KALITE LAVI OU? NOU KAPAB EDE OU.

Yon Ombudsman se yon moun ki pran swen epi li vle ede. Si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan swen ou resevwa nan yon anviwònman swen alontèm, tanpri kontakte Pwogram Ombudsman Swen Alontèm. Enfòmasyon ou yo pral rete konfidansyèl, epi sèvis pwogram yo bay la gratis.

KI SA YON OMBUDSMAN FE?

Yon ombudsman se yon volontè ki gen antrénman ak sètifikasyon ki idantifye, envestige, ak rezoud plent ki fèt nan men, oswa sou non, rezidan swen alontèm. Misyon nou se pou amelyore kalite lavi pou tout rezidan swen alontèm Laflorid nan fè sa ki annapre yo:

- Idantifikasyon, envestigasyon, epi pou rezoud plent yo;
- Edike rezidan, fanmi, ak anplwaye sou dwa rezidan yo;
- Bay enfòmasyon piblik sou fasilite swen alontèm; epi
- Ede yo etabli konsèy rezidan ak fanmi.



Kisa Dwa Rezidan Yo Ye?

Lè moun antre nan fasilite swen alontèm yo, yo kenbe tout dwa yo kòm sitwayen epi yo jwenn yon seri espesyal nan dwa rezidan yo jan yo etabli nan lwa federal ak lwa eta a. Fasilite yo dwe afiche yon kopi dwa sa yo nan yon zòn ki fasil pou rezidan yo, epi yo dwe bay tou yon kopi bay chak rezidan aprè admisyon an. Si yo di ou yon kopi pa disponib, rele pwogram ombudsman nan 1 (888) 831-0404.

SOU KI KALITE PLENT NOU KAPAB FE RECHECH?

Plent yo kapab fèt sou moun oswa fasilite ki nan yon pozisyon pou entèfere ak dwa, sante, sekirite, ak/oswa byennèt yon sèl oswa plis moun ki abite nan etablisman swen alontèm. Nou regilyèman mennen ankèt sou plent ki sòti nan pwoblèm nan administrasyon medikaman ak manje nan zafè fondalnatal nan diyite ak respè.

KI JAN MWEN KAPAB VOYE YON PLENT?

Ou ka voye yon plent alekri, sou telefonn, oswa imèl. Lè ou kontakte biwo a, nou pral jwenn detay sou enkyetid ou yo epi, si sa apwopriye, bay yon ka nan men yon ombudsman volontè pou regle ankèt la pi lwen. Aprè yo fin mennen ankèt sou enkyetid ou yo, nou pral pran aksyon apwopriye pou rezoud pwoblèm nan.



ESKE MWEN OBLIJE POU BAY NON MWEN?

Non, poutan, pwogram nan ka bezwen kontakte ou pou rasanble plis enfòmasyon pou adrese pwoblèm ou yo byen. Non rezidan an ak moun kap fè plent lan ansanm ak tout lòt enfòmasyon sou plent lan pral rete konfidansyèl sof si moun ki otorize legalman bay pèmisyon pwogram lan pou divilge enfòmasyon an.

Ou ka voye yon plent alekri, sou telefonn, oswa imèl.

